



Greater Cambridge
Energy Program

EVERS^{URCE}

247 Station Drive
Westwood, MA 02090

13 janvye 2025

Chè Vwazen,

Nan kad angajman pèmanan nou pou nou founi enèji ak sèvis kalite siperyè bay kliyan yo, Eversource pral antame byento konstriksyon **Pwogram Enèji nan Greater Cambridge (Greater Cambridge Energy Program, GCEP)**. Pwojè a pral reponn ak demann elektrisite k ap ogmante nan rejon an, li pral amelyore rezistans sistèm transmisyon an, epi garanti yon rezo ki fleksib pou sèvi kilyan nan rejon w lan yon fason ki fyab. **Nou vle gananti w ke travay sa a p ap entèwont sèvis elektrisite w.**

Nou Toujou Ap Travay pou Nou Ba Ou Pi Bon Sèvis

Nan mwa jen 2024 la, Eversource te resevwa apwobasyon nan men Komisyun Administrasyon Enstalasyon Enèjetik (Energy Facility Siting Board, EFSB) la pou konstwi GCEP. Pwojè a enkli yon soustasyon souteren, premye k ap fèt nan fason sa, k ap lokalize ant Broadway ak Binney Street nan Kendall Square, ansanm ak senk kanalizasyon souteren k ap abrite uit nouvo liy transmisyon 115-kilovolt (kV). Pakou tranmisyon yo pral travèse Boston (Allston/Brighton), Cambridge, ak Somerville ki pral entèkonekte ak soustasyon ki egziste deja nan kominote sa yo.



Greater Cambridge Program

Apati fen mwa janvye a, kontraktè Eversource ki apwouve yo pral kòmanse konstriksyon an sou pati liy transmisyon Pwojè a nan Cambridge la.

Dire Pwojè a

Konstriksyon an pral dewoule an plizyè faz, travay k ap fèt nan lari a ap avanse an jeneral yon fason ki lineyè. Nou prevwa pou gen kèk pati nan Pwojè a k ap an sèvis an 2029, ak yon finisman konplè an 2031. Toutfwa, travay k ap fèt nan zòn ou an ap fini an jeneral nan kèk mwa. **Yon fwa ke yo detèmine yon dat pou kòmanse konstriksyon an nan zòn ou an, Eversource pral fè suivi a kote l ap bay depliyan ki rezime travay la. Nou itilize sitwèb Pwojè a tou ak imèl mizajou pa woutin pou kenbe w enfòme.**

Rete Enfòme – Kontakte Nou

- Telefon: **1-833-836-0302**
- Imèl: **ProjectInfoMA@eversource.com**
- Sitwèb Pwojè a: **www.eversource.com/greater-cambridge-energy-program.com**
- Enskri pou Resevwa Mizajou Regilye Atravè Imèl nan: **http://bit.ly/GCEPSignUp** oswa eskane kòd QR la:



Sensèman,

Charles Eck

Jesyonè Pwojè nan Eversource

Si necesita que le traduzcan esta notificación, envíenos un correo electrónico a ProjectInfoMA@eversource.com y escriba "GCEP" en el asunto.

Se você precisar de uma tradução desta notificação, envie um e-mail para ProjectInfoMA@eversource.com e digite, "GCEP" na linha do assunto.

Si ou bezwen yon tradiksyon pou notifikasyon sa a, tanpri voye yon imèl bannou nan ProjectInfoMA@eversource.com epi tape, "GCEP" nan liy sijè a.

如果您需要本通知的翻译版本, 请发电子邮件到 ProjectInfoMA@eversource.com, 并在主题栏中输入 "GCEP"。




Kote Nou Pral Travay yo

Ekip yo ak ekipman yo ap rete nan lari a ak sou twotwa publik yo oswa toutolon chose Pwojè a nan Boston (Allston/Brighton), Cambridge, ak Somerville. Kontraktè yo pral kòmanse konstriksyon yo sou **Broadway ant Galileo Galilei Way ak Third Street nan Cambridge**. Premye travay yo enplike ekskavasyon ak enstalasyon yon ansanm kondui souteren, k ap andeyò wout la, toupre Volpe Center la.

Ak Kisa Pou N Atann Nou

Orè konstriksyon ki apwouve nan Cambridge yo se **7 a.m. rive 4 p.m., lendi jiska vandredi**. Ka gen aktivite okazyonèl ki fèt apre orè sa yo oswa nan jou wikenn yo selon apwobasyon otorite lokal yo. Orè travay yo kapab diferan nan Boston ak Somerville.

Plan Pwojè Pwogram Enèji nan Greater Cambridge (GCEP)



Aktivite yo nan Pwojè a Enkli

- Mizanplas yon chantye ki asire e ki sekirize pou pyeton yo, motosiklis ak siklis yo.
- Apantaj ak makaj chose a pou sèvis publik souteren ki egziste deja yo.
- Dekoupaj asfalt ki egziste deja a pou ede travay ekskavasyon yo.
- Enstalasyon kanalizasyon, yon gwoup tiyo ki vlope ak beton epi ki antere pou akeyi liy elektrik yo; epi enstalasyon chanm epis, ki se estrikti an beton prefabrike ki enstale anba tè pou pèmèt aksè ak liy elektrik yo.
- Y ap kouvari zòn yo yon fason tanporè ak plak chose ann asye jiskaske yo ranbleye yo.
- Enstalasyon ak episaj kab yo.

Apre enstalasyon kab yo fin fèt, Eversource pral kowòdone ak minisipalite yo sou restorasyon final twotwa yo ak lòt espas yo te kraze yo.



Pou objektif ilistrasyon sèlman.

Egzanp foto ekskavasyon tranche, enstalasyon kanalizasyon ak chanm, ak aktivite restorasyon.